

**Pa Prezidan
Dieter F. Uchtdorf**
Dezyèm Konseye
nan Premye Prezidans lan



Yon mo pou Misyonè Ezitan yo

Disip Jezikri te toujou anba obligasyon pou pote levanjil li a bay mond lan (gade Mak 16:15–16). Men, pafwa li difisil pou n louvri bouch nou pou nou pale avèk moun bò kote nou de lafwa nou. Pandan ke gen kèk manm Legliz la ki gen yon don natirèl pou pale de relijyon avèk lòt moun, gen lòt ki yon tijan ezitan oubyen ki ka santi yo jennen, anbarase, oswa menm efreye.

Pou rezon sa a, kite m sigjere kat bagay nenpòt nan nou kapab fè pou akonpli tach Sovè a ba nou pou preche levanjil la “bay tout kreyati” a (D&A 58:64).

Se pou nou yon limyè

Yon pwovèb mwen renmen anpil ki se pawòl St François d’Assises di konsa: “Preche levanjil la nan tout tan e si nesèsè, itilize pawòl.”¹ Sa nou konprann nan pwovèb sa a sèke souvan, diskou ki pi puisan yo pa ekprime nan bouch.

Lè nou gen entegrite epi nou viv selon prensip nou yo tout tan, moun remake sa. Lè nou degaje lajwa ak bonè, yo note sa plis toujou.

Tout moun vle gen kè kontan. Lè nou menm, manm Legliz la, nou reyone limyè levanjil la, moun kapab wè bonè nou ak santi lanmou Bondye ranpli ak devèsè nan lavi nou. Yo vle konnen poukisa. Yo vle konprann sekre nou.

Sa mennen yo poze kesyon tankou sa yo: “Poukisa nou kontan konsa?” oubyen “Poukisa nou toujou gen yon atitud pozitif konsa?” Natirèlman, repons pou kesyon sa yo pafètman mennen nan yon konvèsasyon sou levanjil retabli Jezikri a.

Se pou nou fè konvèsasyon

Solvele sijè relijyon an—patikilyèman avèk zanmi nou ak relasyon nou—gen dwa parèt entimidan ak difisil. Li pa oblije konsa. Mansyone eksperyans espiyèl oubyen pale sou aktivite oswa evenman Legliz la nan konvèsasyon nòmal kapab yon bagay fasil ak plezan si nou investi yon ti kras kouraj ak bon sans.

Madanm mwen, Harriet, se yon bèl egzanp sou bagay sa a. Lè nou t ap viv an Almay, li te toujou jwenn yon mwayen pou antre sijè anrapò avèk Legliz la nan konvèsasyon avèk zanmi li ak relasyon li. Pa egzanp, lè yon moun te mande l kijan wikenn ni te ye, li te konn reponn: “Dimanch sa a nou te fè yon gwo eksperyans nan legliz nou an! Yon jènjan 16 an te fè yon bèl diskou sou mennen yon lavi pwòp, devan 200 moun nan kongregasyon nou an.” Oubyen, “Mwen te aprann sou yon madanm 90 an ki te fè plis pase 500 ti dra pou l te bay nan pwogram imanite Legliz la pou yo voye bay moun ki nan bezwen nan tout mond lan.”

Nan majorite sitiyaasyon yo, moun ki te konn tande bagay sa yo te anvi konnen plis. Yo te poze kesyon. Epi sa te mennen nan opòtinite pou pale sou levanjil la nan yon fason natirèl, konfyan e san agresivite.

Avèk envansyon Entènèt ak medya sosyal yo, li pi fasil jodia pou yon moun pale sou bagay sa yo nan yon sans konvèsasyon pase jan sa te ye anvan. Sa nou bezwen se sèlman kouraj pou nou fè sa.

Se pou nou ranpli ak lagras

Malerezman, li si fasil pou yon moun dezagreyab. Sa rive twò souvan ke nou diskite, nou kritike, ak kondane. Lè nou fache, lè nou gwosye, oubyen blesan avèk moun, dènye bagay yo vle se aprann plis sou nou. Li enposib pou nou konnen ki kantite moun ki oubyen kite legliz la oubyen pa janm antre legliz la paske yon moun te di yon bagay ki te blese yo oswa ofanse yo.

Gen twòp enpolitès nan mond lan jodia. Akoz anonimite Entènèt la, li pi fasil pase jamè pou moun yo di bagay ofansan ak dezagreyab. Èske nou menm, disip Kris janti nou an, nou pa ta dwe gen yon nivo pi wo, pi charitab. Ekriti yo anseye: “Lè n ap pale, di bagay ki pou fè moun kontan, ki pou enterese yo. Konn kijan pou nou reponn chak moun” (Kolosyen 4:6).

Mwen renmen ide ki di pou pawòl nou klè tankou yon syèl plen solèy e ranpli ak gras la. Èske nou ka imajine a kisa fanmi nou, pawas nou, peyi nou, e menm mond lan t ap sanble si nou ta ka adopte senp prensip sa a?

Se pou nou ranpli ak lafwa

Pafwa nou fè tèt nou twòp kredi oubyen nou blame tèt nou twòp konsènan zafè pou lòt moun aksepte levanjil la. Li enpòtan pou nou sonje Senyè a pa atann pou nou fè konvèsyon an.

Konvèsyon pa vini atravè pawòl nou men atravè direksyon selès Sentespri a. Pafwa tout sa nou bezwen se yon senp pale sou temwayaj nou oubyen sou yon eksperyans pou demare pwosesis touche kè moun nan oubyen louvri yon pòt ki ka mennen moun nan fè eksperyans verite siblim yo atravè enspirasyon Lespri a.

Prezidan Brigham Young (1801–77) te di li te konnen levanjil la te vrè lè li “te wè yon moun san elokans, ni talan pou pale an piblik, ki te ka senpleman di: ‘m konnen, pa pouvwa Sentespri a, ke Liv Mòmmon an vrè, ke Joseph Smith se yon Pwofèt Senyè a.” Prezidan Young te di lè l te tande enb temwayaj sa a, “Sentespri a ki te nan mesye sa a te ilimine konpreyansyon mwen, epi sete limyè, laglwa, ak imòtalite m te wè devan mwen.”²

Frè m ak sè m yo, se pou nou gen lafwa. Senyè a kapab mayifye pawòl nou pale yo e fè yo vin puisan. Bondye pa mande nou pou nou konvèti moun men pou nou louvri bouch nou. Tach konvèti a se pa tach pa nou—sa depann de moun nan k ap koute nou an ak Sentespri a.

Chak manm se yon misyonè

Chè zanmi m yo, jodia gen plis fason pase anvan pou nou louvri bouch nou pou n pataje avèk lòt moun bèl nouvèl levanjil Jezikri a. Gen yon mwayen pou chak moun—menm misyonè ezitan an—patisipe nan gwo travay sa a. Nou chak kapab jwenn yon fason pou n itilize pwòp talan ak enterè pa nou pou n pote sipò nan gwo travay pou ranpli mond lan avèk verite ak limyè a. Si nou fè sa, n ap jwenn lajwa ki vin jwenn moun ki fidèl ak kouraje ase pou yo “kanpe kòm temwen Bondye tout tan” yo. (Mozya 18:9).

NÒT

1. St. Francis of Assisi, nan William Fay and Linda Evans Shepherd, *Share Jesus without Fear* (1999), 22.
2. *Enseignements des présidents de l'église: Brigham Young* (1997), 67.

ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A

Yon fason efikas pou anseye se “ankouraje moun w ap anseye yo fikse . . . bi ki ka ede yo viv prensip w ap anseye a” (*Anseye, pa gen pi gwo apèl* [1999], 159). Panse pou envite moun w ap anseye yo pou yo fikse bi nan lapriyè pou pataje levanjil la avèk youn oubyen plis moun mwa sa a. Paran yo kapab pale sou fason timoun pi piti yo kapab ede tou. Nou gen dwa ede manm fanmi an braselide oubyen jwe wòl fason pou yo pale de levanjil la nan konvèsasyon regilye ak panse sou aktivite ki pral genyen nan Legliz la kote yo ta ka envite yon zanmi pou vini.

JÈN YO

Pataje avèk yon zanmi

Pa Adriana Vásquez

Yon jou pandan m t ap etidye pou klas seminè, mwen te gen yon bèl enpresyon byen klè ki te vin sou mwen. Pandan m t ap li leson semèn pwochè nan, mwen te wè vizaj yon zanmi nan lekòl mwen an e m te santi gwo enpresyon pou m te pataje temwayaj mwen avèk li.

Malgre enpresyon an te byen klè, mwen te pè. Mwen te pè pou zanmi m nan pa t rejte m, patikilyèman paske li pa t sanble l te kalite tifi ki t ap enterese nan antre nan legliz la.

Mwen te panse avèk yon diskou Sè Mary N. Cook ki nan prezidans jeneral Jènfi yo te fè kote l te egzòte nou pou n te travay di e pou n rete vanyan.¹ Mwen te vle santi m konsa, epi m te ekri tifi sa a yon lèt e m te rann temwayaj mwen sou verasite Legliz la ak lanmou mwen pou Liv Mòmmon an. Nan demen mwen te glise yon Liv Mòmmon, ansanm avèk lèt mwen an, nan valiz li.

Avèk etonman, zanmi m nan te trè reseptif ak levanjil la. Apati jou sa a, li te konn pale m de sa l te

apran nan etid li nan Liv Mòmmon an. Kèk semèn apre, mwen te prezante l misyonè yo. Prèske imedyatman, li te resevwa konfimasyon nan men Sentespri a ke sa l t ap aprann yo sete verite. Misyonè yo avèk mwen te kriye lè l te di nou sa l te santi. Zanmi m nan te vin byen vit batize, epi paran li te etone pou wè chanjman ki te fèt nan li.

Mwen kontan anpil dèske m te kapab simonte krent mwen yo epi ede pote levanjil la nan lavi li.

NÒT

1. Gade Mary N. Cook, "Never, Never, Never Give Up!" *Liahona*, Me 2010, 117-19.

TIMOUN

Mwen ka yon limyè pou lòt moun

Prezidan Uchtdorf di ke pou nou yon limyè pou lòt moun, pawòl nou dwe "klè tankou yon syèl plen solèy e plen ak gras." Pawòl nou ta dwe pawòl ki pote lajwa, ki onèt, ki janti. Kisa w ka fè oubyen di pou w yon limyè pou lòt moun? Nan jounal ou, ekri senk bagay janti ou planifye pou w di manm fanmi ou oswa zanmi w yo.



Lafwa, Fanmi, Sekou

Konvèti nan Senyè a

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou. Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Nouvo sè yo nan Legliz la—enkli jènfi ki ap antre nan Sosyete Sekou yo, sè k ap retounen aktif yo, ak nouvo konvèti yo—bezwen sipò ak amitye enstriktis nan fwaye yo. Èldè M. Russell Ballard nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Angajman manm yo enpòtan pou retansyon konvèti a ak pou mennen manm inaktif yo retounen vin totalman aktif. Kapte vizyon ke Sosyete Sekou a . . . kapab vin [youn nan] resous frantènzasyon ki pi puisan nou genyen nan Legliz la. Byen vit, lonje lamèn bay moun yo anseye ak reyaktive yo, epi fè yo santi ou renmen yo nan legliz la atravè òganizasyon w la.”¹

Antanke manm Sosyete Sekou, nou ka ede nouvo manm yo aprann pratik debaz legliz yo, tankou:

- Fè yon diskou.
- Rann temwayaj.
- Viv lwa jèn nan.
- Peye dim ak ofrann jèn.
- Patisipe nan travay istwa familyal.
- Akonpli batèm ak konfimasyon pou zansèt ki deja mouri yo.

Èldè Ballard di: “Sa mande zanmi atantif pou fè nouvo manm yo santi yo konfòtab ak byenveni nan legliz la.”² Nou tout, men espesyalman enstriktis nan fwaye yo, gen responsablite enpòtan pou etabli amitye avèk nouvo manm yo kòm yon mwayen pou ede yo vin solidman “konvèti nan Senyè a” (Alma 23:6).

Apati Ekriti yo

2 Nefi 31:19–20; Mowoni 6:4

Apati Istwa Nou

Prezidan Gordon B. Hinckley (1910–2008) te di: “Nou dwe fè yon ogmantasyon efò pou nou ede yo pandan y ap chèche wout yo. Yo chak bezwen twa bagay: yon zanmi, yon responsablite, ak pou yo nourri avèk ‘bon pawòl Bondye a’ (Mowoni 6:4).”³

Enstriktis nan fwaye yo nan pozisyon pou yo ede moun yo anchaj yo. Amitye souvan vini anpremye, jan sa te fèt pou yon jèn sè Sosyete Sekou ki te enstriktis yon sè granmoun. Yo te lan pou fòme yon

amitye jiskaske yo te travay kòtakòt nan yon pwojè netwayaj. Yo te vin zanmi, e pandan yo t ap pale sou Mesaj Vizit nan fwaye a, yo toulède tou nourri pa “bon pawòl Bondye a.”

Prezidan Joseph Fielding Smith (1876–1972) te di Sosyete Sekou “se yon pati enpòtan nan wayòm Bondye a sou tè a epi li . . . ede manm fidèl li yo jwenn lavi etènèl nan wayòm Papa nou an.”⁴

NÒT

1. M. Russell Ballard, “Members Are the Key,” *Liahona*, Sept. 2000, 18.
2. M. Russell Ballard, *Liahona*, Sept. 2000, 17.
3. Gordon B. Hinckley, “Every Convert Is Precious,” *Liahona*, Feb. 1999, 9.
4. Joseph Fielding Smith, nan *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), 97.

Kisa M Ka Fè?

1. Èske m priye pou konpayon mwen epi mande Lespri a pou gide nou pandan n ap anseye sè nou yo?
2. Nan ki fason nou sèvi chak sè nou vizite pou l ka konnen nou vrèman sousye pou li?